

**AKÒ
ant
SENDIKA PWOFESE BOSTON ak
KOMITE LEKÒL BOSTON**

OBJÈ: Sante ak Sekirite pou SY21-22

Malgre tout konfli ant kondisyon akò sa a ak akò negosyasyon kolektif pati yo, se kondisyon akò sa a k ap kenbe.

Kòm repons pou demann Sendika Pwofesè Boston yo (“BTU”) pou negosye sou enpak retou manm BTU yo lekòl nan kontèks pandemi kowonaviris la, pati yo nan dokiman sa a mete yo dakò sou sa yo:

1. Boston Public Schools yo (“BPS”) pral bay espas izòlman distansyasyon sosyal 6 pye oswa sal nan chak lekòl pou teste ak izole elèv ki manifeste sentòm Kovid-19 epi ki ap tann rezilta tès oswa ki te teste pozitif pou Kovid-19. Enkyetid konsènan kote, vi prive, ak sipèvizyon espas izòlman yon lekòl dwe adrese a atansyon responsab fonksyonman lekòl la. Yon ekip ki gen menm kantite reprezantan BTU ak BPS (li pa dwe depase 6 manm ototal) ki chwazi pa chak pati respektif pral vizite lekòl la pou rezoud pwoblèm yo ansanm. Sizoka yo ta bezwen plis espas oswa sal, responsab lekòl la pral anvizaje espas ki pa sèvi pou ansèyman yo dabò.
2. Manm BTU yo pral pote pwòp mask yo, men BPS pral bay mask si yon manm pèsònèl la bliye pote mask li oswa si li andomaje pandan jounen an.
3. BPS pral gen yon apwovizyonman divès kalite mask nan divès dimansyon (tankou mask transparan), pwoteksyon pou je, nitrit ki pa gen poud, gan ki pa gen latèks, ak blouz pou anplwaye yo si sa nesè an konfòmite ak konsèy DESE ak CDC yo.

BPS pral bay PPE an konfòmite ak konsèy DESE ak CDC yo pou gwoup anplwaye espesyalize yo, sou demann, tankou sa yo:

Analiz Konpòtmantal Aplike (ABA)-

- Ekran Fasyal
- Blouz Jetab
- Mask Chirijikal

Swen ki Santre sou Ti Anfans

- Ekran Fasyal
- Blouz Jetab
- Mask Chirijikal

Enklizyon Ti Anfans

- Ekran Fasyal
- Blouz Jetab
- Mask Chirijikal

Andikap emosyonèl

- Ekran Fasyal
- Blouz Jetab
- Mask Chirijikal

Andikap Emosyonèl - Enteryorizasyon

- Ekran Fasyal
- Mask Chirijikal

Enklizyon

- Mask Chirijikal

Andikap Mantal Lejè

- Mask Chirijikal

Andikap Mantal Modere

- Ekran Fasyal
- Mask Chirijikal

Andikap Miltip/Andikap Fizik

- Ekran Fasyal
- Blouz Jetab
- Mask Chirijikal

Andikap miltip grav

- Ekran Fasyal
- Blouz Jetab
- Mask Chirijikal

Jou Diferan

- Ekran Fasyal
- Blouz Jetab
- Mask Chirijikal

Difikilte Aprantisaj Patikilye

- Mask Transparan
- Mask Chirijikal

4. BPS pral bay chak enfimyè 5 mask N95 pou itilize annakò avèk pwotokòl itilizasyon pwolonje CDC apwouve yo. Yo pral bay Mask KN95 yo tou si sa nesèsè suivan direktiv CDC yo.
5. BPS dakò pou fè enstalasyon ak antretyen anrejistrè done sou kalite lè anndan nan sal klas yo. BPS rekonèt responsablite l pou bay sendika a enfòmasyon dapre G.L.c. 150 E epi li pral ranpli obligasyon l yo kòm sadwa.

6. Tout anplwaye BPS pral gen opòtinite pou patisipe nan despitaj sou melanj echantiyon yo chak semèn. Manm BTU ki montre sentòm ki te devlope pandan jounen travay la, dwe enfòm sipèvizè yo epi manm nan pral kapab fè yon oto-tès rapid, lè tès sa yo disponib, nan espas/sal izòlman lekòl la pou li rete lekòl la si tès la negatif. BPS te enfòm BTU ke li ap fè demach pou bay oto-tès rapid pou manm pèsònèl ki devlope sentòm pandan jounen travay la.
7. Enfimyè yo pa pral fè depistaj sou melanj echantiyon pou elèv oswa anplwaye, men enfimyè yo pral fè tès Binax rapid pou etidyan ki manifeste sentòm yo. Enfimyè yo dwe notifiye sèvis sante yo lè gen yon etidyan ki manifeste sentòm e ki te resevwa yon tès Binax rapid ak rezilta tès la. Epiou enfimyè yo kapab rele pou mande konsèy ak asistans, ki kapab gen ladann sipò anplwaye adisyonèl, si bezwen elèv yo depase kapsite yo. Enfimyè lekòl la pa oblije yon kowòdonatris CIC.
8. Divizyon Enèji a pral siveye tanperati yo chak jou, epi rapò sou tanperati yo pral disponib, sou demann,ki montre tanperati mwayèn chak bilding a 7:00 am, 11:00 am, epi 3:00 pm pou jounen avan an.
9. Nan objektif rechèch kontak la, BPS pral mete pou «kontak sere» tout moun ki antre nan definisyon pwotokòl BPHC ak CDC etabli yo. BPS pral respekte epi suiv tout pwotokòl BPHC ki anrapò ak rechèch kontak. Lè BPS aprann yon chanjman nan definisyon BPHC pou «kontak sere» oswa pwotokòl BPHC ki anrapò ak sa, li pral notifiye BTU a touswit. Aprè rechèch kontak la fin fèt, BPS pral fè kominote eskolè a konnen te gen yon ka pozitif. BPS te enfòm BTU ke li te anplwaye 5 chèchè kontak pou kòmansman ane eskolè 2021-2022 a pou akselere rechèch kontak la.
10. Anplwaye ki pa manifeste sentòm ki idanfiye kòm yon kontak sere ki baze nan lekòl/ nan BPS dwe patisipe nan pwogram teste epi rete a an konfòmite ak konsèy DESE ak BPHC yo.
11. BPS pral kontinye rapòte ka pozitif Kovid-19 yo pa lekòl chak semèn sou sitwèb BPS la.
12. Sendika a dakò pou asepte Politik Verifikasyon Vaksen Vil Boston an oswa Test Obligatwa pou KOVID-19 (nan dokiman sa a apre «Politik» la) kote tout anplwaye Vil Boston («Vil») ki kouvri pral oblije verifiye estati vaksinasyon yo; epi nenpòt anplwaye ki pa verifiye ke li konplètman vaksinen pral oblije bay prèv chak sèt (7) jou kalandriye yon tès depistaj KOVID-19 negatif. Anplis, sendika a dakò ke BPS la te satisfè tout obligasyon negosyasyon l yo dapre M.G.L. c. 150E ki asosye ak enplemantasyon Politik la.
13. Pati yo dakò ke lè Akò sa a siyen, vil la pral re-etabli yon balans dis (10) jou travay (ki pa dwe depase 80 èdtan) konje maladi KOVID-19 jan sa prevwa nan Avantaj Konje Tanporè Vil la pou KOVID-19, pou chak anplwaye Sendika a. (Akò sa a pa prevwa yon balans konje maladi KOVID-19 ki depase dis (10) jou travay/ 80 èdtan konje maladi KOVID-19 jan sa prevwa kounye a nan Avantaj Konje Tanporè Vil la pou KOVID-19. Anplis, Pati yo dakò ke nan anivèsè dat antre an vigè Politik la, epi chak ane apre sa, Vil la pral re-etabli yon balans dis (10) travay (ki pa dwe depase 80 èdtan) konje maladi KOVID-19 pou chak

anplwaye Sendika a pou chak ane Politik la rete an vigè. (Akò sa a pa prevwa yon balans konje maladi KOVID-19 ki depase dis (10) jou travay/ 80 èdtan konje maladi KOVID-19 jan sa prevwa kounye a nan Avantaj Konje Tanporè Vil la pou KOVID-19.

Pou ane eskolè 2021-2022 sa a manm inite negosyasyon BTU yo ki konplètman vaksinen, oswa ki gen yon aranjman medikal oswa relijye ki dokimante ak apwouve **epi** ki an konfòmite ak soumisyon chak semèn tès KOVID-19 negatif yo, epi ki epuize 10 jou konje KOVID-19 ki mansyone piwo a nan paragaf 13 la, epi ki teste pozitif pou KOVID-19 kapab resevwa jiska dis (10) jou travay adisyonèl konje peye si yo bay dokimantasyon medikal siyen ki pwouve yo pozitif pou KOVID-19.

14. Pandan BPS ap fonksyone totalman an pèsòn, yo p ap egzije edikatè yo anseye «similtaneman». «Ansèyman silmitane» se kote edikatè yo ap bay ansèyman an dirèk a elèv ki ap aprann nan bilding lekòl la an menm tan ak elèv ki ap aprann adistans. Manm BTU yo pral bay devwa pètinan chak jou ke elèv yo ka jwenn sou platfòm lekòl la pou elèv ki absan yo kapab kontinye fè pwogrè ki annamoni ak kamarad klas yo e pou elèv yo kapab travay avèk pwofesè deyò pou kenbe rit ansèyman klas la. Lè yon klas konplètman adistans tanporèman, yo kakap fè edikatè yo anseye klas la adistans. Pati yo dakò rankontre pou diskite estrateji pou kontinite aprantisaj pou elèv ki tanporèman pa kapab aprann an pèsòn, epi, pou negosye nan limit lalwa egzije.
15. Akò sa a ap antre an vigè lè li siyen epi l ap ekspire 30 jen 2022 sof si li pwolonje pa yon akò ant pati yo.
16. Kondisyon ki nan akò sa a pral aplike atravè pwosedi doleyans ak abitraj Akò Negosyasyon Kolektif la.
17. Akò sa a siseptib pou apwouve pa Komite Lekòl Boston an.
18. Pati yo asepte pou akò sa a pa sèvi pou kreye yon presedan nan nenpòt lòt afè.

Jessica Tang
Prezidan
Sendika Pwofesè Boston

Brenda Cassellius, Ed.D
Direktè
Boston Public Schools

BPS te enfòmè BTU a ke li pral kontinye pwotokòl sekirite ak sante sa yo apati de ane pase:

1. Twalèt BPS yo gen vantilatè/sistèm ekstraktè jan Kòd Konstriksyon yo mande sa epi BPS ap fè enspeksyon ak antretyen vantilatè ekstraktè twalèt yo pou asire kontinite fonksyonman yo.
2. Chak biwo sante gen yon evye pèmanan oswa tanporè.
3. Yo te fè akizisyon tant pou chak lekòl pou ane eskolè 2021-2022 a.
4. Tout lekòl yo gensyen swa sistèm HVAC Santral avèk sistèm vantilasyon lè eksteryè ki an rezèv oswa 100% oswa inite pirifikatè lè pòtab. BPS pral kontinye fè antretyen inite pirifikatè lè pòtab yo ki te enstale pandan dènye ane eskolè a nan tout espas ansèyman ki regilyèman okipe pa elèv yo pou aprantisaj an pèsòn. Yo te enstale filtè MERV-13 nan sistèm HVAC Santral yo, jan konsèy yo rekòmande l, pou ekipman jan sa admisib. BPS sot konplete ranplasman obligatwa filtè ki gen 6 mwa yo pou pirifikatè lè yo. BPS pral kontinye ranplase filtè yo suivan sekans ki annakò ak enstriksyon fabrikan yo.